

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Métođe Panalungtikan

Pikeun ngahontal tujuan dina ieu panalungtikan, pamarekan jeung métođe anudigunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun dongéng-dongéng di tempat wisata Ciwidéy nyaéta déskriptif analisis. Nurutkeun Ratna (2004), anu dimaksud métođe déskriptif analisis nyaéta métođe anu digunakeun pikeun ngaguar, méré pamahaman jeung ngajelaskeun hiji hal sacukupna. Métođe déskriptif dilakukeun ku cara ngadéskripsikeun fakta-fakta anu satuluyna dianalisis.

Nurutkeun Sugiyono (2019, kc. 225) anu dimaksud métođe panalungtikan kualitatif nya éta métođe anu digunakeun pikeun nalungtik dina kaayaan objék anu alamiah (lalawanan tina ékspérimén). Panalungtik minangka instrumén penting. Téhnik ngumpulkeun data anu dipilampah sacara triangulasi atawa gabungan, analisis data anu sipatna induktif, jeung hasil panalungtikan kualitatif leuwih nekenkeun ma'na tina generalisasi.

Métođe déksriptif digunakeun pikeun maluruh tur nganalisis dongéng nu aya ditempat wisata Ciwidéy anu satuluyna dijadikeun bahan pangajaran maca di SMP.

3.2 Désain Panalungtikan

Dumasar kana pamarekan jeung métođe anu digunakeun, aya opat hal poko anu jadi ulikan dina ieu panalungtikan nyaéta, 1) dongéng naon baé anu aya di tempat wisata Ciwidéy; 2) unsur-unsur struktural dina dongéng anu aya di tempat wisata Ciwidéy; 3) ajén atikan karakter anu aya dina dongéng hasil invéntarisasi di tempat wisata Ciwidéy; jeung 4) luyu henteuna dongéng-dongéng anu aya di tempat wisata Ciwidéy dijadikeun alternatif bahan pangajaran maca dongéng di SMP. Sangkan leuwih jéntré, désain panalungtikan dipidangkeun dina wangun bagan saperti di handap.

Bagan 3. 1 Désain Panalungtikan

Rumusan masalah:

- 1) dongéng-dongéng naon waé anu aya di tempat wisata Ciwidéy?
- 2) kumaha struktur dongéng (tema, amanat, galur, latar, jeung palaku) di tempat wisata Ciwidéy?
- 3) naon ajén atikan karakter anu aya dina dongéng anu geus kainventarisir di tempat wisata Ciwidéy?
- 4) kumaha ngararancang bahan pangajaran maca dongéng di SMP?



Téhnik Ngumpulkeun Data:

- 1) Observasi
- 2) Ulikan Pustaka
- 3) Wawancara



Ngolah Data

Ngadéskripsikeun dongéng dina wangun carita, ngajieun papasingan, nganalisis struktural jeung ajén moral, milih dongéng anu luyu pikeun dijadikeun alternatif bahan pangajaran maca dongéng di SMP.



Nyieun Kacindekan


3.3 Data jeung Sumber Data

Data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta dongéng anu aya di tempat wisata daérah Ciwidéy jeung Rancabali anu diantarana; ; 1) Sasakala Ciwidéy; 2) Sasakala Situ Paténggang; 3) Dongéng Kawah Rengganis; 4) Dongéng Kawah Putih; 5) Sasakala Pasir Kemir; 6) Sasakala Lebak Muncang; 7) Sasakala kampung Kadu Agung; 8) Sasakala Legok Kolé; 9) Sasakala Pasir Curug Citambur; 10) Dongéng Si Layung jeung Aul nu ngajaga Situ Paténggang.

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta para sesepuh masarakat, kulawarga anu apal kana kajadian dongéng-dongéng, jeung masarakat asli daérah Ciwidéy jeung Rancabali. Aya sababaraha tokoh masarakat anu diwawancara pikeun meunangkeun data nyaéta, (1) Abah Isak, (2) Abah Épri, (3) Abah Abéd, (4) Ibu Ayi, (5) Ibu aminah (6) Bapa Ujang.

Tabél 3.1
Data Narasumber

<p>1) Ngaran : Ma Aminah 2) Umur : 76 taun 3) Jenis kelamin : Awéwé 4) Jabatan : kokolot 5) Padumukan : Ciwidéy</p>	
<p>1) Ngaran : Bu Ayi 2) Umur : 54 taun 3) Jenis kelamin : Awéwé 4) Jabatan : kokolot 5) Padumukan : Ciwidéy</p>	

<p>1) Ngaran : Abah Isak</p> <p>2) Umur : 78 taun</p> <p>3) Jenis kelamin : Lalaki</p> <p>4) Jabatan : Kuncén</p> <p>5) Padumukan : Ciwidéy</p>	
<p>1) Ngaran : Abah Abed</p> <p>2) Umur : 59 Taun</p> <p>3) Jenis kelamin : Lalaki</p> <p>4) Jabatan : Kuncén Situ</p> <p>5) Padumukan : Situ Patenggang</p>	

1) Ngaran	: Abah Éfri	
2) Umur	: 50 taun	
3) Jenis Kelamin	: Lalaki	
4) Jabatan	: kokolot lembur	
5) Padumukan	: Ciwidéy	

1) Ngaran : Bapa
Ujang

Rifan Nugraha, 2022
*AJÉN ATIKAN KARAKTER DINA DONGÉNG DI TEM
DI SMP (Tilikan Struktural)*
Universitas Pendidikan Indonesia



repe

HAN PANGAJARAN MACA

perpustakaan.upi.edu

2) Umur Taun	: 57	
3) Jenis Kelamin	: Lalaki	
4) Jabatan	: Kokolot	
5) Padumukan Ciwidéy	:	

3.3.1 Lokasi

Panalungtikan

Sacara administratif, lokasi anu dijadikeun tempat panalungtikan nyaéta di daerah tempat wisata Ciwidéy, hususna di désa Ciwidéy, Kec. Ciwidéy, jeung Kec. Rancabali.

Jumlah tempat wisata anu di jadikeun bahan panalungtikan, nya éta:

- 1) Ciwidéy
- 2) Kp. Pasir Kemir
- 3) Situ Patenggang
- 4) Kawah putih
- 5) Kawah Cibuni
- 6) Kp. Legok Kolé

3.4 Téhnik Panalungtikan

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan ngawengku dua tahapan, nyaéta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

3.4.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Luyu jeung métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan, sarta pikeun ngahontal tujuan panalungtikan pikeun ngumpulkeun dongéng-dongéng anu masihkénéh sumebar di masarakat, téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data-datanyaéta diwincik saperti ieu di handap.

a. Studi Pustaka

Téhnik studi pustaka digunakeun pikeun néangan tiori-tiori anu dibutuhkeun dina panalungtikan, anu satuluyna dijadikeun tatapakan dina ieu panalungtikan. Tiori anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tiori ngeunaan dongéng, struktural, ajén atikan karakter, jeung pangajaran maca.

b. Observasi

Téhnik ngumpulkeun data dina panalungtikan kualitatif salasahijina bisa ngaliwatan observasi (Sugiyono, 2019, kc. 225). Ku kituna, métode kualitatif bisa digunakeun pikeun ngumpulkeun dongéng-dongéng nu aya di Kacamatan Sadananya Kabupatén Ciamis, dina ulikan struktural jeung ajén atikan karakter. Observasi gunana pikeun néangan informasi jeung data-data anu dibutuhkeunku cara langsung ka lapangan, sangkan data anu dihasilkeun luyu jeung fakta nu aya.

c. Wawancara

Wawancara nyaéta téhnik ngumpulkeun data ku cara ngasongkeun sababarahapatalékan ka narasumber dumasar kana kabutuhan. Di dieu panalungtik ngawawancara sababaraha informan anu aya di Kacamatan Sadananya.

d. Dokuméntasi

Téknik dokuméntasi digunakeun pikeun meunangkeun informasi data nu ngawengku rékaman, poto, atawa hal séjén anu ngarojong kana panalungtikan.

3.4.2 Téhnik Ngolah Data

Léngkah- léngkah dina tahap ngolah data saperti ieu di handap.

- a. Ngumpulkeun data atawa informasi ku cara studi pustaka, ngaobservasi tempat anu aya dongéngna, ngawawancara dongéng ti narasumber jeung ngadokuméntasikeun;
- b. Ngadéskripsikeun dongéng dina wangun carita;
- c. Nganalisis struktural tina unggal dongéng anu geus kakumpulkeun;
- d. Nganalisis ajén atikan karakter anu nyampak dina unggal dongéng;
- e. Ngararancang bahan pangajaran maca dongéng tina hasil data panalungtikan, sarta milih dongéng anu luyu pikeun dijadikeun alternatif bahan pangajaran; jeung
- f. Nyieun kacindekan.

3.4.3 Léngkah-léngkah Panalungtikan

Léngkah-léngkah dina ieu panalungtikan ngawengku tahap tatahar, tahap ngumpulkeun data, tahap ngolah data, jeung tahap nyusun panalungtikan atawa nyusun skripsi.

a. Tahap Tatahar

Léngkah-léngkah anu dilakukeun dina tahap tatahar nyaéta, 1) ngajukeun judul

panalungtikan; 2) nyusun rarancang panalungtikan; 3) ngumpulkeun sumber jeung bahan kajian; 4) nangtukeun masalah jeung objék panalungtikan; 5) nyusun proposal panalungtikan; jeung 6) konsultasi jeung dosén pembimbing.

b. Tahap Ngumpulkeun Data

Léngkah-léngkah dina ngumpulkeun data nyaéta: 1) studi pustaka pikeun maluruh tiori; 2) observasi ka tempat-tempat anu bakal dijadikeun bahan panalungtikan utamana tempat anu kawilang loba dongéng-dongéngna; 3) ngawawancara ka para sesepuh atawa tokoh masarakat anu apal kana dongéng-dongéng anu aya di Tempat wisata Ciwidéy; jeung 4) ngadokuméntasikeun kagiatan panalungtikan.

c. Tahap Ngolah Data

Tahap-tahap dina ngolah data nyaéta, 1) ngadéskripsikeun dongéng hasilwawancara dina wangun carita; 2) nyieun papasingan dongéng dumasar kana jenisna; 3) nganalisis struktur tina unggal dongéng anu geus kainvéntarisir; 4) nganalisis ajén atikan karakter anu nyampak dina unggal dongéng; 5) ngararancang bahan pangajaran maca dongéng tina data hasil panalungtikan; jeung 6) nyieunkacindekan.

d. Tahap Nyusun Panalungtikan

Ieu minangka tahap anu pamungkas dina panalungtikan. Sanggeus data diolah sarta dianalisis tuluy dijieun laporan mangrupa skripsi. Laporan panalungtikan baris disusun dumasar kana bab jeung sub bab anu disusun sacara sistematis.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data. Panalungtik dina panalungtikan kualitatif minangka *human instrument* anu miboga fungsi pikeun nangtukeun fokus panalungtikan, milih informan pikeun dijadikeun sumber data, ngamimitian ngumpulkeun data, nganalisis data, napsirkeun data sarta nyieun kacindekan tina panalungtikanna (Sugiyono, 2019, kc. 222).

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta:

- a. Alat rékam sora anu digunakeun pikeun ngarékam salila wawancara.
- b. Kaméra anu digunakeun pikeun ngadokuméntasikeun narasumber-narasumber.
- c. Pedoman wawancara, nya éta pertanyaan anu baris ditanyakeun ka narasumber nalika prosés

wawancara.

d. Pertanyaan anu baris ditanyakeun:

1) Data Narasumber:

- Wasta :
- Tempat, ping gumelar :
- Kalungguhan/pakasaban :
- Jenis kelamin :
- Padumukan :

2) Data dongéng-dongéng di daérah tempat wisata ti mimiti nepi ka ayeuna nelah jadi dongéng. Pertanyaan nalika wawancara ngan saukur gurat badagna wungkul, sangkan puguh tujuan anu ditalungtik. Dina prak- prakanna, pertanyaan-pertanyaan mekar ngalegaan luyu jeung situasi nalikangawawancara.